



AVI POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 – 8

Politik: Mizajou Gid sou Pwopagasyon Viris Respiratwa (Ki gen ladan COVID-19)

Depatman Sante Piblik la

Dat Antre an Vigè: 8 me 2024

APÈSI

An repons a dènye gid ki soti nan Sant pou Kontwòl Maladi yo (CDC) konsènan estrateji izòlman viris respiratwa, Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH) te mete ajou rekòmandasyon li yo pou anpeche pwopagasyon viris respiratwa, tankou COVID-19, pou piblik la an jeneral, tankou timoun ak anplwaye nan anviwònman swen pou timoun, K-12, tan deyò lekòl la (OST), pwogram kan lwazi, ak pwogram rezidansyèl sa yo ki pa satisfè kritè pou òganizasyon swen sante yo.

Rekòmandasyon DPH yo, ki gen ladan yon seksyon espesifik sou lekòl yo ak anviwònman swen timoun, disponib isit la: <https://www.mass.gov/info-details/staying-home-to-prevent-the-spread-of-respiratory-viruses>

APLIKABILITE

Gid aktyalize sa a aplike pou tout timoun ak anplwaye nan anviwònman swen pou timoun, k ap patisipe nan OST oswa pwogram kan lwazi, ak pwogram rezidansyèl sa yo ki pa satisfè kritè pou òganizasyon swen sante yo.

MIZAJOU KLE

Gid aktyalize DPH la gen ladan chanjman sa yo:

- Timoun ak anplwaye ki **san sentòm** yo pa bezwen eskli nan yon pwogram ankò lè yo teste pozitif pou yon viris respiratwa, tankou COVID-19, grip, ak/oswa RSV.
- Timoun ak anplwaye ki gen **sentòm** yon viris respiratwa, tankou COVID-19, grip, ak/oswa RSV, yo ankouraje yo rete lakay yo/izole jiskaske yo san lafyèv pandan omwen 24 èdtan san yo pa itilize medikaman ki diminye lafyèv. Timoun ak anplwaye yo pa oblije izole pandan senk jou ankò.
- Pwogram rezidansyèl ki pa satisfè kritè pou òganizasyon swen sante yo ta dwe swiv rekòmandasyon DPH yo pou piblik la an jeneral.



- Pwogram rezidansyèl ki satisfè kritè pou òganizasyon swen sante yo ta dwe kontinye swiv [konsèy DPH pou anviwònman swen sante yo](#).

RESOUS

Si oumenm oswa anplwaye ou gen kesyon oswa ou bezwen sipò siplemantè, tanpri kontakte Konsèy Sante lokal ou a.